

Chè Paran/Responsab,

Egzamen ofisyèl you rele FAST (Florida Assessment of Student Thinking) se yon sistèm egzamen pou siveye pwogrè ke yo administre twa fwa pa ane pou swiv pwogrè pitit ou ap fè pandan ke li ap aprann pwogram ansèyman B.E.S.T. yo (Benchmarks of Excellent Student Thinking) atravè ane lekòl la. Objektif let sa a se pou enfòmè ou ke elèv ou pral patisipe nan premye adiminystrasyon (PM2) nan Evalyasyon sou Pansman Lekòl nan Florid (FAST) nan Lekòl ak Ekriyen an Kreyòl (ELA) Lekti nan dat 5 desanm, 2023. Rezilta pitit ou pou PM2 an ap sèvi pou enfòmè nou sèlman, epi nou pral ba ou enfòmasyon sou kijan pou w jwenn aksè ak rezilta yo aprè ke tès la fini konplete.

Evaliyasyon FAST yo se yon tès ki adapte sou òdinatè ke elèv yo pran nan yon òdinatè oubyen tablet. Kesyon yo ap vini pi fasil oubyen pi difisil tou depan de kijan pitit ou reponn, epi chak elèv pral wè kesyon diferan ki ap soti nan yon bank kesyon komen. Chak evalyasyon pral prezante 35-40 atik ki pral kouvri tout nòt nan nivo ane lekòl yo. Pou plis enfòmasyon sou konsepsyon tès la, tanpri vizite <https://www.fldoe.org/accountability/assessments/k-12-student-assessment/best/>. Si ou menm oubyen pitit ou ta renmen eksplòre platfòm tès la anliy oubyen revize egzanp kesyon FAST ELA Lekti a lakay ou, egzanp materyèl tès yo ap disponib sou sit sa a <https://flfast.org/families.html>.

Tanpri revize règleman ki pi ba yo avèk pitit ou avan tès la:

- **Aparèy Elektwonik**—Yo pa pèmèt elèv gen aksè a okenn aparèy elektwonik, ki enkli, men ki pa limite a, telefòn pòtab, telefòn entelijan, ak mont entelijan, nenpòt lè pandan dewoulman tès la **oubyen** pandan poz (egzanp, nan twalèt). Si yo jwenn pitit ou avèk yon aparèy elektwonik oswa yo jwenn li ap itilize ekoutè Bluetooth/san fil nan zòrèy li pandan dewoulman tès la, yo pral anile tès li a.
- **Rekonesans Règleman Tès yo**—Tout tès enkli yon Rekonesans Règleman Tès ki enprime nan dokiman tès elèv la ke yo li konsa: “Mwen konprann règleman yo tabli pou tès la ke yo fèk sot li pou mwen la a. Si mwen pa swiv règleman sa yo, yo ka rive anile tès mwen an.” Avan tès la kòmanse, administratè tès la ap li règleman yo pou elèv yo, epi elèv yo ap rekonèt ke yo konprann règleman tès yo lè yo siyen anba deklarasyon sa a nan dokiman tès yo a.
- **Diskite Kontni Tès la aprè Egzamen an**—Dènye pòsyon nan règleman tès yo li pou elèv yo avan yo siyen anba Rekonesans Règleman Tès yo di ke piske kontni ki nan tout evaliyasyon ofisyèl yo administre sou tout eta a sekirize, elèv yo pa gen dwa diskite oswa revele detay ki nan kontni tès la (ki enkli kesyon ki nan tès la, pasaj, ak sijè yo) aprè dewoulman egzamen an. Sa enkli nenpòt kalite kominikasyon elektwonik, tankou mesaj tèks, mesaj nan kourye elektwonik, oubyen poste enfòmasyon sou sit media sosyal. Nou ap mande pou w asire ou ke pitit ou konprann règleman sa yo avan dewoulman tès la epi raple yo ke “diskite” kontni ki nan tès la enkli nenpòt kalite kominikasyon elektwonik, tankou mesaj tèks, mesaj nan kourye elektwonik, oubyen poste enfòmasyon sou sit media sosyal, oswa mesaj ke yo pataje anliy. **Pandan ke elèv yo gen dwa pa pataje enfòmasyon ki nan kontni tès sekirize a aprè dewoulman egzamen an, règleman sa pa gen entansyon pou anpeche elèv yo diskite eksperyans yo fè nan tès la avèk paran/fanmi yo.**
- **Travay Endepandaman**—Elèv yo responsab pou fè pwòp travay pa yo pandan dewoulman egzamen an epi pou yo pwoteje repons yo pou lòt moun pa wè yo. Si yo kenbe yon elèv ap pran poul pandan tès la, yo pral anile tès li a. Anplis de sa, Depatman Edikasyon Florida (FDOE) anplwaye yon konpayi ki rele Caveon Test Security pou analize rezilta tès elèv yo pou detekte modèl repons sanblab ki pa nòmal. Yo pral anile tès elèv ki nan yon menm lekòl yo jwenn ki gen menm modèl repons ki sanble.
- **Akomodasyon pou Tès la**—Si pitit ou genyen yon Plan Edikasyon Endividyèl (IEP), yon Plan Seksyon 504, oubyen li se yon Elèv ki ap Aprann Anglè (ELL) oubyen li fèk sot nan pwogram ELL la, tanpri kontakte lekòl la pou diskite sou nenpòt akomodasyon ke yo pral bay pitit ou pou tès la.

Si ou genyen nenpòt kesyon ki gen rapò ak administrasyon tès sa a, ou mèt kontakte Dr. John Krupp nan 377-1630. Pou plis enfòmasyon apwopo pwogram Evaliyasyon FAST la, ou kapab ale vizite pòtal sa a [FLFAST.org](https://flfast.org).

Mèsi paske ou ap sipòte e ankouraje pitit ou pou li ka fè tout efò li kapab pandan administrasyon tès la.

Sensèman,

Joseph Mikulski
Principal GGH